



## **Pikèt devan Konsila Brezil**

1185 6<sup>èm</sup> Av, NY - ant 46<sup>èm</sup> ak 47<sup>èm</sup> Ri

### **Vandredi, 1<sup>e</sup> Oktòb, Midi - 2 PM**

### **Pou Egzije Depa Tout Twoup Minustah yo ann Ayiti**

Depi 2004, fòs MINUSTAH yo ap mennen yon lokipasyon pou Etazini ann Ayiti ki fè Etazini ekonomize 85% nan depans militè yo. Depi 6 zan, mak fabrik lokipasyon sa a se koripsyon, masak, ak enkonpetans. Tè tranble 12 janvyè 2010 te fin demaske enkapasite MINUSTAH a ki pat rive fè anyen pou ede sinistre yo.

8,940 sòlda MINUSTAH yo, ki anba kòmmanman Brezilyen, te sipoze stabilize sitiyasyon an ann Ayiti. Apre 6 zan, sa sèlman yo rive fè se sèvi gouvènman popetpwèl ayisyen an kòm bekiy, pandan enstitisyon leta yo ap vin pi entatad e pi kwonpi toujou. Peyi manm MINUSTAH yo touche anviwon \$1,600 chak mwa pou chak sòlda yo nan yon peyi kote se nan redi moun ap touche \$2 pa jou. MINUSTAH a pa fè anyen pandan dwòg dilè, kidnapè ak kadejakè ap fè dappiyanp nan peyi a. Granmanjè kè pòpòz anba pwoteksyon MINUSTAH. Se sa ki fè MINUSTAH a konnen granmanjè yo nan leta ap toujou dakò renouvle manda li. Gran manjè ak MINUSTAH se 2 asosye dominasyon enpeyalis lan. \$732 million bidjè anyèl MINUSTAH a ta sèvi pi byen nan konstwi lekòl, lojman, lopital, epi pou devlopman agrikòl.

Manda MINUSTAH a gen pou l renouvle ann oktòb. Nou apiye apèl pwogresis ak revolisyonè ann Ayiti ki mande retrè imedyà tout twoup MINUSTAH yo epi pou sispann tout entèvansyon militè etranje ann Ayiti. Twoup MINUSTAH yo ap sèlman kore granmanjè ak politisyen reyaksyonè yo nan pouvwa. Nou mande pou yo retire kò yo nan peyi a imedyatman!

Nou apiye lit otonòm mas popilè yo, anba direksyon klas ouvriye a, antanke sèl altènativ ki ka pote yon chanjman demokratik popilè ann Ayiti. Nou apiye mobilizasyon pou tabli yon leta popilè, anba direksyon klas ouvriye a.

### **Rezo Solidarite ak Batay Ouvriye**

*pou plis enfòmasyon, rele: 646-829-9519 • bosolidarity@yahoo.com*